# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

देस क उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ बिहने गोरखपुर अइहें। उहां के गोरखपुर खाद कारखाना के लग्गे बनल पूरबी उत्तर प्रदेस के पहिला सैनिक स्कूल क लोकारपण करत प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क दिसा–निरदेसन में जिला प्रसासन उप राष्ट्रपति क आगमन अउर उद्घाटन समारोह से जुड़ल तइयारी पूरा कइ लिहले हौ। मुख्यमंत्री काल्हि संझा कार्यक्रम वाले जगहि पर पहुंचि के तइयारियन क समीक्षो कइलें। कार्यक्रम में प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेलो मौजूद रहिहें। उप राष्ट्रपति क दौरा के देखि के जिला में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ। पुलिस की ओरि से कार्यक्रम सम्बन्धी सज्जो राहिनि पर भारी वाहन क संचालन प्रतिबंधित कै दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क कैम्पियरगंज में दुनिया क पहिला जटायु राजगिद्ध संरक्षण अउर प्रजनन केन्द्र क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के वन विभाग के गोरखपुर में एगो फॉरेस्ट्री कॉलेज बनावे क निरदेस दिहलीं। उहां के मंसा जतवलीं कि येह कॉलेज में वन से जुड़लि पढ़ाई बदे डिगिरी अउर डिप्लोमा क पाठ्यक्रम चलावल जाव। एहसे वन विभाग क जरूरति के हिसाबि से कई गो पदन पर नौजवानन के नोकरियो मिलि सकी।

केन्द्र क उद्घाटन कइले के बाद मुख्यमंत्री एगो जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि हम जटायु संरक्षण केन्द्र के जरिया से अपने वैदिक अउर पौराणिक परम्परा बदे कृतज्ञता जता रहल हईं। गिद्धराज जटायु धरम अउर गरिमा क रक्षा बदे रामायण काल क पहिला बलिदानी रहलें।

येह मौका पर मुख्यमंत्री केन्द्र के निरमाण में जोगदान देवे वाले अधिकारी अउर करमचारियन के प्रसस्ती पत्र दे के सम्मानितो कइलें। येह केन्द्र क सिलान्यासो मुख्यमंत्री ही सात अक्टूबर दुइ हजार बीस के कइले रहलें। एकरे जरिये राजगिद्ध क संख्या बढ़ले अउर ईको टूरिज्म के बढ़ावा मिलले क ओम्मेद हौ। एकरे स्थापना पर सरकार दुइ करोड़ अस्सी लाख चउवन हजार रूपिया खरच कइले हौ।

मुख्यमंत्री गोरखपुर जिला में कई गो क्षेत्रन बदे छौ सौ पैंतीस करोड़ रूपिया के लागति क कई गो लोक कल्याणकारी विकास परियोजनन बदे लोकारपण अउर सिलान्यास कार्यक्रमें में हिस्सा लिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये उहां के कहलीं कि नया उत्तर प्रदेस क नया गोरखपुर आजु समृद्धि के राहि पर तेजी से आगे बढ़त विकास अउर सुसासन क एगो मॉडल बनि के उभरल हौ।

एहसे पहिले आजु सबेरे मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरबार में दूर–दराज से आइल लोगिन क समेस्या सुनलें अउर उनकर जुरते अउर परभावी निपटारा क निरदेस दिहलें। गम्भीर बेमारियन क इलाज बदे आरथिक सहजोगो क मांग करे पहुंचल लोगिन के उहां के हर सम्भव आरथिक सहजोग क भरोसा दिहलीं।

**********

सरकार आमदनी अउर जोग्यता पर आधारित राष्ट्रीय छात्रवृत्ति योजना में बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस से जुड़ल चयनित प्रतिभासाली विद्यार्थियन बदे आवेदन करे क समय सीमा येह महिन्ना के तीस तारीख ले बढ़ा दिहले हवे। केन्द्रीय सिक्षा मंत्रालय कहले हौ कि येह योजना में आरथिक दृस्टि से कमजोर वर्ग क प्रतिभासाली विद्यार्थियन के छात्रवृत्ति दीहल जाला, जवने से कक्षा आठ के बाद स्कूली सिक्षा बिच्चे में छोड़ले क समेस्या पर रोकि लगावल जा सके।

**********

पति क लमहर उमिर अउर सुख–समृद्धि क प्रार्थना के साथे आजु हरितालिका तीज मनावल जा रहलि हौ। सुहागिन महिला अन्हमुन्हरवे से बिना अन्न जल ग्रहण कइले भगवान संकर अउर माई पार्वती क पूजा अर्चना कै रहल हईं। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस क लोगिन के ऐह परब क सुभकामना दिहले हवे।

**********

प्रदेस में पछिला चौबीस घंटा के भित्तर भइल अलगि–अलगि सड़कि दुर्घटना में छौ जने क मउति हो गइल आ तीनि जने अउरियों घाही हो गइलें। बाराबंकी जिला क कुर्सी महमूदाबाद राहि पर बीतल राति ओवर टेक करत के दुइ कार अउर एगो आटो आपस में भिड़ गइल। बेकाबू होके एगो कार सड़कि से निच्चे चलि गइल अउर आटो में सवार लोगि निच्चे गिर गइलें अउर उनके तेज रफ्तार कउनो अउरियों गाड़ी कचरि देहलस। ऐह दुर्घटना में कुर्सी थानाक्षेत्र के उमरा गांव क रहवईया पांच जने क मउति हो गइल। दुर्घटना में घाही तीनि अउरियों लोगिन क इलाज करावल जा रहल हौ।

ओहीं काल्ही संझा कानपुर जिला क पनकी थानाक्षेत्र में भीमसेन से गोविन्दपुरी के बिच्चे गुजैनी नहर पुल के उप्पर से एगो ट्रक रेलिंग तोड़ि के झांसी रेलवे लाइन पर जा गिरल। ऐह दुर्घटना में ड्राइबर क ओहिजुकवें मउति हो गइल। ऐह से कई रेलगाड़ियन क संचालनों प्रभावित भइल। हांलाकि राति ले रेल राहि पर यातायात बहाल कइ दिहल गइल।

**********

रेलवे, आगरा से वाराणसी ले वंदे भारत ट्रेन चलवले क तइयारी कइ रहल हौ। एकरे बदे आगरा से वाराणसी ले क रुट प्लानो तइयार कइ लिहल गइल बा। रेलवे बोर्ड येह बारे में योजना रिपोर्ट मंगले हवे। यह योजना रिपोर्ट से जुड़ल चिट्ठियों जारी हो चुकल हौ।

**********